



**Department of  
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè paran oswa responsab:

Pitifit ou a ka gen dwa pou resevwa sèvis sante oswa akomodasyon nan lekòl la dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitation. Sèvis sa yo pèmèt elèv ki gen bezwen espesyal sante patisipe totalman nan lekòl. Paegzanp, elèv ki gen yon pwoblèm medikal ka pram medikaman nan lekòl la. Elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa pou tandè ka chita pre tablo a.

**Kòman pou w konnen si pitifit ou kalifye pou Sèvis oswa Akomodasyon:**

1. Kontakte swa:

- Direktè lekòl pitifit ou a, swa
- Neil Somerfeld nan nsomerf@schools.nyc.gov. Bay non pitifit ou a, lekòl li ye ak klas l ap fè.

Di ki pwoblèm pitifit ou a ak tip èd li bezwen.

2. Direktè lekòl pitifit ou a pral eksplike kòman pou aplike pou sèvis pou pitifit ou a.

3. Apre ou fin aplike, lekòl ou a ap revize demand ou fè pou sèvis la. Ekip 504 lekòl ou a pral envite w nan yon reyinyon pou diskite bezwen pitifit ou a. Nan reyinyon sa a, ekip la pral deside si pitifit ou a pral resevwa sèvis oswa akomodasyon. Y ap fè w konnen desizyon yo pran sou 30 jou.

Dokiman FAQ sou plan 504 ou jwenn lan gen plis detay sou dwa pitifit ou a. Si w gen nenpòt kesyon, mande Direktè a oswa voye yon imèl nan e-mail nsomerf@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,